



Pou Piblikasyon Imedya: 06/06/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO AJOUTE SIT FESTIVAL WOODSTOCK LA NAN  
REJIS NASYONAL PATRIMWÀN ISTORIK YO (NATIONAL REGISTER OF  
HISTORIC PLACES)**

***Yo Ofisyèlman Rekonèt Lokalite Patrimwàn Festival la te Fèt an 1969 la nan Konte  
Sullivan lan nan Regis Eta ak Nasyonal yo***

***Bethel Woods Center for the Arts la Kontinye Efò Prezèvasyon Sit la***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yo te mete sit Fwar Mizik ak Atizay Woodstock (Woodstock Music and Art Fair) ane 1969 la, Bethel Woods Center for the Arts la (Sant Bethel Woods pou Atizay), nan Rejis Eta ak Nasyonal Patrimwàn Istorik yo. Rejis Nasyonal la se yon pwogram Sèvis Pak Nasyonal la (National Park Service) ak Depatman Enteryè Etazini a, (U.S. Department of the Interior) ki rekonèt siyifikasyon bilding, estrikti ak sit atravè peyi a yo.

“Woodstock te yon moman desizif nan istwa New York ansanm ak nan istwa Etazini an, ki te mete ansanm atizay ak mizik inik nan yon evènman ki te chanje peyizaj kiltirèl ak politik peyi a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Rekonesans prestijye sa a pral ede prezève yon moniman inestimab nan New York pou jenerasyon Nouyòkè aktyèl ak sila k ap vini yo.”

An Out 1969, plis pase 400,000 moun te vwayaje ale nan fèm letye Max Yasgur a pou festival mizik twa jou a ki kounye a vin selèb la, ki akeyi kèk nan meyè mizisyen ki te ka genyen yo. Jodi a, Bethel Woods Center for the Arts la, ki sitiye nan sit Woodstock la, ap enspire ak edike etidyan ak vizitè yo atravè atizay ak syans lèt yo. Mize Bethel Woods la eksplòre transfòmasyon sosyal, politik, kiltirèl ak mizikal ane swasant yo pandan l ap tabli lyen ant pwoblèm k ap kontinye afekte mond lan jounen jodi a yo. Li prezante koleksyon prime pèmanan, ekspozisyon k ap evolye ak pwogram atrayan yo.

**Darlene Fedun, ki se Direktè Jeneral Bethel Woods Center for the Arts la, te di,**

“Nou kontan anpil pou yo ofisyèlman mete nou nan Rejis Nasyonal la. Nou pran wòl nou antanke pwotektè tè a trè oserye, epi nou te toujou fè sa depi okòmansman. Nou konprann konbyen enpòtans festival la te genyen pou istwa Etazini an ak Konte Sullivan lan, epi nou itilize l kòm yon enspirasyon pou tout sa nou ap fè yo. Pwogramasyon nou an, kèlkeswa si se nan Mize a, nan inisyativ edikasyonèl yo, sou tèren nou yo, oswa nan Sèn Prensipal nou an (Main Stage), li enkòpore espri festival Woodstock ane 60 lan

yo. Lè yo mete nou nan Rejis Nasyonal la, sa pral san dout fè vanse efò nou ap fè yo epi asire nou prezève tè sakre sa yo pou jenerasyon k ap vin yo ka jwi yo”.

**Prezidan, PDG ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky te di,** “Woodstock te yon evènman ki te gen anpil enfliyans alafwa pou Etazini ansanm ak Eta New York la, epi sit festival la resevwa yon rekonesans li byen merite nan Rejis Nasyonal Patrimwàn Istorik la yo. Menm jan li te atire yon mwatye milyon moun an 1969 la, sit la toujou atire anpil vizitè chak ane, ki reflekte sou festival mizik la ak eritaj tèren festival la. Mwen felisite Bethel Woods, epi mwen ankouraje tout moun pou yo planifye yon vwayaj pou yo vin vizite mize a ak sit istorik sa a.”

**Rose Harvey, ki se Komisè Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), te deklare,** “Mwen aplodi Bethel Woods Center for the Arts la paske yo resevwa distenksyon enpòtan sa a. Antre nan lis Rejis Eta ak Nasyonal Patrimwàn Istorik la yo se yon fason efikas pou bay sit ki ofri konsè siyifikatif sa a larekonesans ak sipò li merite.”

Atravè yon konpetisyon sibvansyon nan Lindsay and Olive B. O'Connor Foundation a, epi koresponn finansman yo ak sa yo resevwa nan men Fon Fidisyè Nasyonal pou Prezèvasyon Istorik la (National Trust for Historic Preservation) ajoute ak don yo te resevwa nan men donatè endividyèl yo, Bethel Woods Center for the Arts la te kòmanse premye faz pwojè pou amelyore otantisite sit la epi bay vizitè ki vin wè eritaj la yo plis opòtinite pou yo eksplòre sit istorik sa a. Pwojè sa yo gen ladan: pwoteksyon plizyè pye bwa ansyen vilnerab ki te temwen festival la yo, pwopaje Message Tree (Pye Bwa Mesaj) istorik la pou desandan yo ka ranplase yo lè jou yo rive, netwaye fèy ak branch yo ak lòt amelyorasyon ankò k ap fèt nan moniman Woodstock la, ak kreyasyon yon panorama kontanplatif nan tèren festival la yo ki loje nan mitan de pye bwa seriz nwa ki te la nan evènman 1969 la yo.

Pyès metrès pwojè prezèvasyon inisyal la konsène restorasyon plizyè santye ki antrekwaze forè Bindy Bazaar la atravè wout Hurd Road la soti nan tèren festival la. Santye yo restore sa yo pral ofri vizitè yo opòtinite pou yo eksplòre sa ki te yon fwa, yon zòn de vant enpòtan ak kafou festival Woodstock la, k ap amelyore eksperyans yo nan sit la. Yo pral repwodwi siy kolore ki make antre rak bwa pandan festival la yo, ansanm ak siy selèb, ki pentire a men pou bay direksyon ki te pwoklame “High Way”, “Groovy Way”, and “Gentle Path” nan rak bwa.

Pwojè ki gen pou fèt alavni yo pral plis amelyore sit istorik sa a, k ap atire anpil touris k ap soti atravè tout peyi a ak mond lan. Plan sa yo gen ladan restorasyon kontou peyizaj kote estang Woodstock la te ye a ak mak enprent estang lan ak lòt estrikti enpòtan ki sou tèren an yo, ansanm ak devlope yon vizit entètatik san gid sou tèren an. Pou plis enfòmasyon sou pwojè sa yo ak pou ede prezève sit sa a tanpri vizite [bethelwoodscenter.org/the-museum/clr](http://bethelwoodscenter.org/the-museum/clr).

**Senatè John Bonacic te deklare,** “Yo paka sèlman egzajere siyifikasyon istorik, mizikal ak kiltirèl Fwar Mizik ak Atizay Woodstock ane 1969 la. Bethel Woods Center for the Arts la te fè yon travay enkwayab pou l prezève istwa ak bote sa a epi deziyasyon nan Rejis Nasyonal Patrimwàn Istorik la pral pèmèt Bethel Woods kontinye fè menm jan

pou anpil ane k ap vini ankò.”

**Aileen Gunther, ki se Manm asanble, te deklare,** “Yon rekonesans istwa rich Eta New York la, Sant Bethel Woods la merite siy rekonesans sa a paske l jwe yon wòl enpòtan nan atizay ak kilti yo jwenn atravè tout eta a yo. Sit Woodstock la, ki te yon fwa yon sant mouvman politik ak atistik nan ane 1960 yo, yo pral mete l kounye a nan Rejis Nasyonal Patrimwàn Istorik la yo, epi mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo paske l ede nou rann sa vin yon reyalite epi paske l pote sipò pou destinasyon ki gen renonmen mondyal sa a nan Konte Sullivan lan.”

**Prezidan Lejislati Konte Sullivan lan, Luis Alvarez te di,** “Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske l ap asire yo mete Bethel Woods nan Rejis Nasyonal Patrimwàn Istorik la jan sa ta dwe ye. Byenke Woodstock te yon festival ki te dire sèlman twa jou, rekonesans sa a pral asire eritaj li kite a viv pou toujou. Yon sit enpòtan kote ki ede fasonen sosyete jodi a, Bethel Woods Center for the Arts la pral kontinye rete yon kote atizay fleri epi kreyativite pwospere.”

### **Enfòmasyon sou Bethel Woods Center for the Arts la**

Bethel Woods Center for the Arts la ap enspire, edike, ak responsabilize moun yo atravè atizay, ak syans lèt yo lè yo prezante yon seleksyon divès pèfòmans ki rich ak kiliti, atis popilè, ak pwogramasyon kominotè ak edikasyonèl yo. Li sitiye a 145 kilomèt de Vil New York la nan sit festival Woodstock ane 1969 la nan Bethel, NY, kanpis fètil 324 ekta tè sa gen ladan yon anfiteyat Estang Paviyon ki gen 15,000 chèz, yon Galri Evènman alenteryè ki gen 440 chèz, Mize prime Bethel Woods la, ak yon Konsèvatwa pou pwogramasyon atizay edikasyonèl yo.

Atravè etid apwofondi a ak ekspozisyon evènman sosyal, politik, ak kiltirèl ane 1960 yo, ansanm ak prezèvasyon sit istorik Fwar Mizik ak Atizay Woodstock la, Bethel Woods ap edike moun yo sou pwoblèm ak leson yo aprann pandan deseni an pandan l ap enspire yon nouvell jenerasyon pou yo kontribiye a mond otou yo a nan yon fason pozitif. Òganizasyon san bi likratif sa a depann de sipò jenere endividyèl, kòporasyon, ak fondasyon yo pou yo devlope ak mentni pwogram k ap amelyore kalite lavi nan rejyon an ak odela.

Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite: [www.BethelWoodsCenter.org](http://www.BethelWoodsCenter.org).

###